Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса Пали-хIажи

www. mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 20 (6600) 7 май 2018 с. Итни Ражаб 1439 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

Баркула Бергьенлъиялъул байрам!

ХIурматиял районцоял! Гьаб соналъ нилъеца кIодо гьабизе буго советияб халкъалъ гитлерилаб фашизм щущахъ биххизабуралдаса 73 сон тIубаялъул байрам. 1945 соналъул май тарихалда гьоркьобе ана нилъер халкъалъул, гьелъул бахIарчиял яргъилал къуватазул гIасрабаз кIочонареб кIудияб гьунаралъул моцI хIисабалда. 73 соналъ цебе лъугIана биялъ ракь лъалъараб, улкаялъе гIемераб къварилъи гьабураб, нилъер халкъалъ бахIарчилъи бихьизабураб рагъ.

Къо бахъанагIан гвангъун, заман анагIан якъинго инсанияталда цебечIолеб буго КIудияб ВатIанияб рагъда нилъер халкъалъ босараб цIар рагIараб бергьенлъиялъул дунялалъулго цебетIеялъул тарихалъе бугеб кIвар. Нилъер тарихалда жеги букIинчIо кIиабилеб дунялалъул рагъалдаса кIудияб балагь гIадамазде бачIараб, гIемер би гIодобе тIураб рагъ. 73 сон бергьенлъи босун аниги, нилъеда кIочон гьечIо, кIоченеги гьечIо гIагараб улка тушманасдаса цIунарал рагъухъаби, гьезул гьунарал, бахIарчилъи.

КIиабилеб дунялалъул рагъ букIана жиндир роценазул, инсанияталъе ккарал къурбаназул, чIунтелазул ва камиязул рахъалъ бищунго цIоб гьечIеблъун. Гьеб рагъда гIахьаллъана нилъер районалдаса 1380 чи ва кьалул байданалда хутIана ВатIаналъе гIоло рухI кьурав 866 чи. Нилъеда киданиги кIочене бегьуларо рагъда гIахьаллъаралги, тылалда къаси-къад чIечIого свак лъачIого хIалтIарал, бергьенлъи щвеялъе квербакъарал захIматчагIиги. Гьезие бетIер къулула нилъеца. Даимаб рецц ва абадияб хIурмат гьезие.

Биччанте тIокIаб киданиги дунялалда рагъ букIунгутIизе, халкъазул вацлъи, гьудуллъи щулалъизе.

Районалъул киналго гIадамазда Бергьенлъиялъул байрамги баркулаго, гьарула киназего щулияб сахлъи, гьабулеб хIалтIулъ икъбал, рекъел, талихI-роххел. Нилъер умумузда 1941-1945 соназ бихьараб гIадаб къварилъи киданиги бихьугеги наслабазда.

Бергьенлъиялъул байрамгун, хириял районцоял!

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

ЧIиркъатIаса ГIабдулкарим ГIусмановасул рагъулаб нух

КIудияб Бергьенлъиялъ - 73 сон

ГIабдулкарим ГIусманов гьавуна 1926 соналъ ЧIиркъатIа росулъ. Росдада цебесан Буйнакск шагьаралде унеб нух букIиналъ, гьитIинав гIолиласда щибаб къойил рихьулаан КIудияб ВатIанияб рагъде унел гIолохъаби. ГIусманов анкьгосонил школалда. Гьесулги гъира букIана ВатIан цIунизе рагъде ине, амма сонал гIун гьечIолъиялъ виччалев вукIинчIо.

Чанго нухалъ хIалбихьана рагъде унезул къокъаялда гъорлъе лъугьине, рагъухъаби нухарегIулел военкоматалъул хIалтIухъабазин абуни гьев рокъове витIулев вукIана. Гьезул цояс ГIабдулкаримида малъана Гумбет районалъул военкоматалде гIарзагун аян ва ВатIан цIунизе дуего бокьун унев вугин абеян. 17 сон барав чи вукIана ГIусманов, цIалулев вукIана гIагараб росдал школалъул анлъабилеб классалда. Хадусеб къоялъул радалго къватIиве вахъарав ГIабдулкарим, 36 км. мугIрузул захIматал сухъмахъ нухалги нахъа тун, лъелго щвана МелъелтIе къаси кватIараб гIужалъ. 1943 соналъул 22 марталда тIубана ГIусмановасул мурад ва гьев ана рагъде ритIулезул къокъагун МахIачхъалаялде.

Рагъде ине гIечIев гьитIинав гIолохъанчи Грузиялъул Гори шагьаралда ругьун гьавуна рагъулаб ишалъе.

Гьесда цадахъ рукIана МелъелтIаса САгIидбег ГIабдулахIидов, КъурбанхIажи ГIумаров, ХIабиб Бекмирзаев, ЛъаратIаса Гъули ХIарисеев, ХIажи Гебеков ва цогидалги. Рагъулаб ишалъе ругьунлъун хадур гьел рахъ-рахъалде рикьана. ГIабдулкаримида цадахъ хутIана Гъули ХIарисеев.

1943 соналъул августалда ГIабдулкарим рагъулаб хъулухъ тIубазе ккана генерал И. Х. Баграмяница нухмалъи гьабулеб 11 аб. армиялъул 31 аб. гвардиялъулаб дивизиялъул 95 аб. полкалде ва тIоцеве рагъулаб лъадари щвана Киев эркен гьабиялъе гIоло рагъулъ. Хадур рукIана Белая Церковь, Каменец – Подольск, Житомир ва цогидалги бакIал эркен гьариялъе гIоло рахIму гьечIел рагъал. Житомиралъе гIоло рагъда лъукъана ГIабдулкарим. Псков шагьаралда госпиталалда 20 къоялъги вегун, сахлъаравго цIидасан рагъде ана. Живго гъорлъ вукIараб рагъулаб часть балагьизе лъугьин гIададисеб ишлъун ккана ва гьев Белоруссиялъул лъабабилеб фронталда гъорлъе вачIун, тушманасда тIад бергьенлъи щвеялъе гIоло бахIарчилъиялда вагъана. ГIабдулкарим гIахьаллъана Белоруссиялъул, Украиналъул, Латвиялъул, Литваялъул, Бакъбаккул Пруссиялъул шагьаралги росабиги фашистаздаса эркен гьариялъе гIоло корборкьарал рагъазда.

ГIусманов кIиабилеб нухалда лъукъана ва кIиго анкьалъ госпиталалда сахгьавун хадув Бакъбаккул Пруссиялде витIана. КIиабилеб армиялъул 20 аб. дивизиялъул, кIиабилеб полкалъул рагъухъабазда цадахъ, ГIусмановас гIахьаллъи гьабуна Кенигсберг эркен гьабиялъе гIоло рагъда ва гьесие щвана «БагIараб цIва» орден. Гьенив гIарадаялъул тIел щун захIматго лъукъана, ватIалъана цояб беральдаса, мегIер бекана. ХIалицаго гIадин, тIутIурал кескал рацIцIун, хIалбихьи бугев хирургас, Горький шагьаралъул госпиталалда, рукIалиде бачIинабуна гьесул мегIер. Бохалдаса къотIун гьан букъана лъукъараб беральда. 6 моцIалъ халат бахъана Горький шагьаралда гьев сахгьави.

(Ахир - 2 аб. гьумералда)

цIалулев вукIана ЧIиркъатIа

НОМЕРАЛДА РУГО:

Щивас хъулухъалъулал ишал тIуразе кколеллъи бичIчIизабуна

-2 гьум.

Сагъри-ЦIияб Аргъвани шагьранух къачIана

-2 гьум.

Бакълъулазул районалъул Килалъ росулъ кIодо гьабуна гIолилазул ва оц баялъул къо

-3 гьум.

Щивав цIалдохъанасе - ВатIан бокьиялъул рухIалда тарбия

-3 гьум.

ГIАДАМАЗУЛ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

Ракьул ва минабазул бетIергьанлъи чIезабе

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас ракьул хIакъалъулъ суалалгун данделъи тIобитIана

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас ракьул хIакъалъулъ суалалги гьоркьор лъун данделъи тIобитIана районалъул администрациялда.

Данделъиялда гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиев, райадминистрациялъул бакIал раялъул ва архитектураялъул рахъалъ бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиев, Дагъистан Республикаялъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадов, районалъул администрациялъул ракьулгун буголъиялъул гьоркьорлъабазул ведущий специалист Умалат МухIамаднабиев ва цогидалги.

Данделъиялда рорхана ракьул законал цIуниялда хурхарал суалал. Бицана аграрияб бутIаялда ракьалда сверухъ раккулел киналго дагIба-рагIиял рекъезаризе ккеялъул кIваралъул, малмулкалъе ихтияралъе хъвай-хъвагIай гьабизе, ракьул участкабазул хъвай-хъвагIаялъул хIасилал лъикIлъизаризе, ракьалда хурхарал киналго суалал законалъул тIалабазда тIуразаризе ккеялъул.

Росреестралъул Дагъистан Республикаялда бугеб Управлениялъул данделъиялда рорхарал суалазулги хал гьабуна.

«Ракьул участкабазул бетIергьанлъи чIезабиялъ рес кьола бюджеталъул тIадебачIин цIикIкIине. ГIадамазе рес щола законазул кьучIалда жидерго участкабаздаса пайда босизе. Минабазул хъвай-хъвагIай гьабиги жавабияб иш ккола. Минаялъул бетIергьанлъи чIезабиялъул дандрекъон ккол еб документ гьечIони, мина законалде данде кколареб хIалалъ бараблъун рикIкIуна. ТIабигIияб балагьалъ ва цогидал гIиллабаз зарал кьуни, мина рукIалиде ккезабизе пачалихъалъ кумек гьабун гIарац кьоларо, зеленка гьечIони. Гьел ва цогидал захIмалъаби дандчIвачIого рукIине, юридическиял ва физическиял лицабаз мал-мулкалъул ихтияралъул хъвай-хъвагIай гьабизе ккола»,-ян абуна районалъул администрациялъул бакIал раялъул ва архитектураялъул рахъалъ бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас.

Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас данделъиялъул хIасилал гьаруна, ракьалда хурхарал суалал тIураялъул хIалтIи лъикI гIуцIеян абуна.

«Гумбет» РИО

ЧIиркъатIаса ГIабдулкарим ГIусмановасул рагъулаб нух

(Байбихьи - тIоцебесеб гьум.)

17 ругъун сах гьарун хадув, 1946 соналъул июналда вачIана гIагараб росулъе ГIусманов.

ВатIан Гитлерил хъамалчагIаздаса цIунулаго бихьизабураб бихьинчилъиялъе ва бахIарчилъиялъе гIоло, орден гуребги, гIемерал медалалги щвана ГIабдулкаримие.

Инвалид вугониги хIалтIана гIагараб росдал колхозалда. Къадахъанлъи гьабуна ва рана росуцоязе минаби. Гьев гIемер щвана школалде, цIалдохъаби ва мугIалимал рачIуна гьесухъе рокъоре гьоболлъухъ. ГIолеб гIелалъе бицине жо дагьаб гьечIо лебалав рагъухъанасул рагъулаб нухалъул ва захIматалъулаб хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ. ЦIалдохъабазулгун дандчIваязда дагьал малъахъваял гурел гьес гьарурал.

ГIабдулкаримица ва мунагьал чураяй лъади РахIматица гIезабуна 10 лъимер.

Хъизан кIудияб бугониги, сахаватав чи вуго ГIусманов. ТIубараб гIумруялъго хIажатазе кумекалъул квер бегьулев, мажгит, мадраса раялъе, лъикIаб гьариялъе гIарац кьолев чи вуго гьев. Миллионалдаса цIикIкIун гъурущ харж гьабуна гьес халкъалъе пайдаял ишазе. Бана гьес цIияб авал мажгит, гIарац кьуна цогидал мажгитал къачIазе, мадраса базе. ЦIибараб росулъа басрияб росулъе чIиркъ хьвадизе кьо гьабизе гIарац кьуна. Аллагьас кирилъун хъвайги, азардаражаялде бахинабеги ГIабдулкаримил садакъа.

Информациялъул «Гумбет» гIуцIи

НУХАЛГИ-МЕХАЛГИ

Сагъри-ЦIияб Аргъвани шагьранух къачIана

Бакълъулазул районалъул Аргъвани ва ЦIияб Аргъвани росабазул гIадамаз, росдал бегавул АхIмадбег Ибрагьимовасул нухмалъиялда, ремонталъулал хIалтIаби гьаруна Сагъри-ЦIияб Аргъвани шагьранухда.

Шагьранух къачIазе бахъун букIана экскаватор, КАМАЗ ва цогидабги техника. «Сельсовет “Аргванинский”» росдал поселениялъул бетIер АхIмадбег Ибрагьимовас бицана гьединал жамгIиял хIалтIабазул кIвар буголъиялъул ва нух къачIазе рахъаразе баркала кьуна.

«Умумулъанго бачIараб лъикIаб гIадат буго жамагIат цадахъ бахъун гьадинаб пайдаяб хIалтIи тIубай, хIажатаб мехалъ цоцазе кумек гьаби. ЛъикIаб ишлъун ккола росдал, районалъул суалазде, республикаялъул, улкаялъул къисматалде тIалаб –агъазгун ралагьи, цолъи бихьизаби. Жакъа Сагъри-ЦIияб Аргъвани шагьранух къачIалаго, гIадамаз цоцазе кумек гьабуна материалиябги, моралиябги, физическиябги рахъалъ. Гьединаб хIаракатчилъиялъул хIасилалда, гьеб нух автотранспорт хьвадизе хIинкъи гьечIеб хIалалда буго», -ян абуна АхIмадбег Ибрагьимовас.

«Гумбет» РИО

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

Щивас хъулухъалъулал ишал тIуразе кколеллъи бичIчIизабуна

Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиев ЧIиркъатIе хIалтIулаб сапаралъ ана

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиев хIалтIулаб сапаралъ ана ЧIиркъатIа росулъе. Районалъул бетIерасул тIадкъаялда рекъон, гьеб росулъ ругел учреждениязул, гIуцIабазул хIалтIул халгьабуна.

Бакълъулазул районалъул администрациялъул делегация, Рамазан АхIмаднабиевасул нухмалъиялда, щвана ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалде, «Нур» лъималазул ахикье, участковияб больницаялде, лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалде ва цогидалги гIуцIабазде.

Районалъул бетIерасул заместителасда цадахъ рукIана лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул хIалтIухъан Сурхай Сурхаев, ЧIиркъатIа росдал бетIерасул ишал тIуразарулев МухIамад МухIамадбакъиров, гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев МухIамад МухIамадов, ДЮСШялъул нухмалъулев ГIабдулхаликъ Шихшалаев, участковияб больницаялъул бетIерав тохтир ТIалхIат Шарипов ва цогидалги.

Гьоркьохъеб школалда Рамазан АхIмаднабиевас, щибаб кабинеталъуве лъугьун, халгьабуна лъайкьеялъул бугеб хIалалъул, мугIалимзабазул хIалтIул лъикIал ва гIей гьечIел рахъал рихьизаруна, школалъул нухмалъулесда тIадкъана гIунгутIаби тIагIинариялъе тадбирал гьареян. Гьеб школа районалда кIудияздасан цояб ккола, цIалулев вуго 260-яздаса цIикIкIун цIалдохъан. Делегациялъ гIицIго лъай ва тарбия кьеялъул рахъалъул гуребги, школалъул минаялъул, цIаккеялдаса цIуниялъе гьарурал ва цогидалги хIалтIабазул халгьабуна.

Районалъул нухмалъиялъул вакилзаби лъималазул «Нур» ахикье щвана. ХIалтIухъабазда тIадкъана лъималазул ах сверун къазе, хинаб квен чIезабиялдаса бахъараб, хIухьбахъиялъул сагIаталде щвезегIан лъималазе санагIалъаби гIуцIизе.

Участковияб больницаялда регараз абуна тIалаб-агъаз гьабулин, дарабаздалъун хьезарулин, сахгьариялъул курс жидее пайдаяб хIалалъ гIуцIун бугилан.

«Пачалихъиял хъулухъазул хIалтIухъабаз, муниципалиял нухмалъиялъул вакилзабаз, бюджетниял хIалтIухъабаз намус бацIцIадго тIуразе ккола жидеда тIадал хъулухъалъулал ишал. ЦеречIарал киналго суалал гIумруялде рахъинаруни, жамгIият цебетIола. РакIчIараб буго хадусеб сапар нижеца гьабилелде, тIатарал гIунгутIабазе ахир лъезе букIиналда. Бюджетниял хIалтIухъабазул аслияб масъала ккола гIадамазул гIумруялъул даража борхизабиялъе гIоло къеркьей», - ян абуна Рамазан АхIмаднабиевас.

«Гумбет» РИО

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ...

Зоналиял къецазда бакълъулазул 10 гIолилас ккуна призовияб бакI

Болъихъ районалъул Болъихъ росулъ тIоритIана 2003-2004 соназ гьарурал гIолилазда гьоркьор, Дагъистаналда тIоцебесеб бакIалъе гIоло, эркенаб гугариялъул къецал. Бакълъулазул районалдаса 10 речIчIухъанас ккуна призовияб бакI: 6 лъабабилеб, 2 кIиабилеб ва 2 тIоцебесеб.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас тренеразда ва речIчIухъабазда баркана бергьенлъи ва бихьизабуна гугарухъабазул гъалатIазда тIад хадурккун кIвар кьун хIалтIизе ккей. Гьарана командаялъе хадурккунги церетIеял.

«Гумбет» РИО

ВОРЕ, ЦIАЛЕ, ЦIАЛЕ, ДИР ЦIОДОР

Бакълъулазул 4 цIалдохъан призовияб бакIалда

Физикаялъул зоналияб олимпиада тIобитIана ЦIаналъ аслияб школалда

Бакълъулазул районалъул ЦIаналъ аслияб школалда тIобитIана 7-8 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб физикаялъул олимпиада. Гьенир гIахьаллъана Дагъистаналъул чанго районалдаса цIалдохъаби.

Олимпиада тIобитIиялъул хIаракатчилъун ккола ЦIаналъ школалъул нухмалъулев СагIидбег МутагIилов. Баркиялъулаб кIалъай гьабуна районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул информациялъулгун методикияб централъул нухмалъулев Загьид ХIусеновас.

Физика лъикI лъалеб букIин бихьизабуна ЦIумада районалъул Агъвали гимназиялъул лъималаз. 7 классалъул цIалдохъан Зайнудин Сиражудиновас ва 8 классалъул цIалдохъан МухIамад АхIмадовас тIоцебесеб бакI ккуна ва олимпиадаялда бергьенлъи босараллъун рикIкIана. Болъихъ районалъул Муни гьоркьохъеб школалъул 8 классалъул цIалдохъан ГIабдула МухIамадовасги ккуна тIоцебесеб бакI, гьезулго гIанасел балалги росун.

8 классалъул цIалдохъабазда гьоркьоб кIиабилеб бакI СалихIат Ибрагьимхановалъ (ЧIиркъатIа СОШ), лъабабилеб бакI МухIамад ХIажиевас (МелъелтIа СОШ) ккуна. 7 классалъул цIалдохъабазда гьоркьоб кIиабилеб бакIалъе СагIидбег МухIамадов (МелъелтIа СОШ), лъабабилеб бакIалъе Шамил МутагIиломов (ЦIаналъ ООШ) мустахIикълъана.

Хас гьарун олимпиадаялъе хIадурарал медалал, дипломал, грамотаби, гIарцулал сайгъатал кьуна бергьаразе ва призеразе.

«Гумбет» РИО

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

Щивав цIалдохъанасе - ВатIан бокьиялъул рухIалда тарбия

ЦIиликь гьоркьохъеб школалда нухмалъулезул тарбия кьеялъул рахъалъ заместителазул данделъи

18 апрелалда ЦIиликь росдал гьоркьохъеб школалда тIобитIана Бакълъулазул районалъул гьоркьохъел школазул нухмалъулезул тарбия кьеялъул рахъалъ заместителазул данделъи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна лъайкьеялъул отделалъул специалистаз, районалъул имам Юнус Тимирсултановас, АТКялъул специалист Абакар Абакаровас, районалъул администрациялъул балугълъиялде рахинчIезулгун хIалтIул рахъалъ комиссиялъул секретарь Рашид ХIабибовас.

Данделъи рагьана ва бачана районалъул школазул тарбия кьеялъул рахъалъ методикияб цолъиялъул нухмалъулев ГIиса Шарапудиновас. Гьениб лъималазе гражданлъиялъулабгун патриотияб тарбия кьеялъул рахъалъ педагогаз, умумуз жамгIиятгун цадахъ рекъон хIалтIи гIуцIизе ккеялъул хIакъалъулъ доклад гьабуна ЦIиликь гьоркьохъеб школалъул директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ заместитель ГIабдулмалик Камаловас. Докладалда тIасан кIалъазе рахъана школазул директорзабазул тарбия кьеялъул рахъалъ заместителал ГIабдурахIман Дайтмирзаев - МелъелтIа СОШ, Маржанат ГIалиева - ЦIияб Аргъвани СОШ, ГIиса Шарапудинов - Игьали СОШ, Апанди Ахкубегов - Ингишо СОШ, Задай Чергесова - Килалъ СОШ. Гьез жидерго кIалъаязда аслияб тIадчIей гьабуна лъималазе патриотияб тарбия кьей гьанжесеб заманалда бищун кIвар цIикIкIараб ишлъун кколеблъиялда.

Гьебго темаялда хурхун жидерго предложениялгун малъа-хъваялгун кIалъазе рахъана районалъул имам Юнус Тимирсултанов, АТКялъул специалист Абакар Абакаров, райадминистрациялъул балугълъиялде рахинчIезулгун хIалтIи гьабиялъул рахъалъ комиссиялъул секретарь Рашид ХIабибов.

Ахиралда кIалъазе яхъарай районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул специалист Загьра ГIабдулаевалъ бицана хадубккунги лъималазе тарбия кьеялъул хIалтIи лъикIлъизабиялъул рахъалъ цере чIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

ГIайшат Исламбиева

ХУР ЦIУН БАЧIАГИ

Бакълъулазул районалъул Килалъ росулъ кIодо гьабуна гIолилазул ва оц баялъул къо

29 апрелалда Килалъ росулъ кIодо гьабуна щибаб сонилаб байрам – гIолилазул ва оц баялъул къо. Маданиялгун тарихиял, рухIиябгун лъайкьеялъул тадбиразда гIахьаллъизе Килалъе рачIун рукIана район тун къватIир гIумру гьабулел килалъелги.

«ГIолилазул ва оц баялъул байрам ккола килал ва тIолалго бакълъулал цолъизарулеб къо. Гьединаб тадбиралъ хIалтIуде гъира базабула, гIолеб гIел умумузул лъикIал гIадатазда куцала» - ян абуна «Село Килятль» росдал поселениялъул бетIер АхIмад Каримовас.

ТIоцебесеб рахъбахъиялда цадахъго, тIоритIана росулъ спорталъул миллиял тайпабазул къецал: рекери, гIебеде кIанцIи, чIорбутIалъ речIчIи, торгIо хIай, гугари. Бергьаразе росдал администрациялъ ва меценатаз кьуна грамотаби ва цогидалги сайгъатал.

«Гумбет» РИО

ГIЕЛМУ - ХАЗИНА

ТIадеги лъайкьеялъул мугIалимазул данделъи

Бакълъулазул районалда тIобитIана лъималазул творческияб рукъалъул (ДДТ) мугIалимазул данделъи. Гьенир гIахьаллъана районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул, лъималазул творческияб рукъалъул нухмалъулел ва цо-цо хIалтIухъаби, гIолеб гIелалъе тIадеги лъайкьеялъул мугIалимал.

Данделъиялда бицана лъайкьеялъул проектазулаб къагIидаялъул, берзулаб пособиялдаса пайда босиялъул, малъулел предметазда гьоркьоб бухьеналъул ва тIадеги лъайкьеялъул хIалтIи камилго гIумруялде бахъинабиялъул рахъалъ церечIарал масъалабазул.

КIалъаял гьаруна лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас, заместитель Муса КъурамухIамадовас, лъималазул творческияб рукъалъул нухмалъулей Заира Базаргановалъ, ДДТялъул методист Идайлав Абакаровас, тIадеги лъайкьеялъул мугIалимал ГIащат Жамалудиновалъ, Мадина МухIамадовалъ, Мавлидин ГIусманхIажиевас.

ГIайшат МухIамадова

НА СТРАЖЕ ПОРЯДКА

Телефонное мошенничество Как не стать жертвой обмана?

Современные технологии, безусловно, сделали нашу жизнь намного проще и интереснее, но у этого явления есть и отрицательная сторона. Технологии дают не только свободный доступ к любой информации, но и создают условия для появления новых идей у аферистов и мошенников. Одно из самых массовых видов преступных действий в настоящее время - телефонное мошенничество. Министерство внутренних дел по Республике Дагестан предупреждает о том, что на территории Республики участились случаи такого мошенничества.

На телефон жертвы поступает звонок, от якобы сотрудника службы безопасности банка, в котором вас уведомляют о том, что ваш счет подвергся атаке мошенников или хакеров и просят отправить на их номер телефона сообщение с кодом и словами «отмена перевода», во избежание утери денежных средств или просят сообщить номер вашей карты и пароля от нее. После отправки сообщения, деньги списываются с клиентского счета.

Пользователь интернет приложения - «АВИТО» (иной интернет сайт или приложение), в указанной программе договаривается о покупке определенного товара. Злоумышленник отправляет ему номер своего счета в банке (чаще всего киви - кошелька) и просит перевести ему оговоренную ранее сумму денег или залог за товар.

После перевода указанных денежных средств, мошенник отключает телефон и перестает пользоваться данным абонентским номером. В итоге, жертва мошенничества лишается своих денежных средств и вынуждена обращаться в полицию с заявлением.

Будьте внимательны! Золотое правило: никогда и ни при каких обстоятельствах не сообщать никому своих персональных данных или конфиденциальной информации: пин- код банковской карты, номер счета, логин и пароль от страниц в социальных сетях, на интернет-сайтах и прочее.

Не перечисляйте свои денежные средства незнакомым вам людям, старайтесь не совершать покупки товаров на неизвестных интернет сайтах и не оплачивайте их со своих банковских карт.

Гаджи Гусейнов,
старший следователь
ОМВД России по
Гумбетовскому
району,
майор юстиции

КIудияб Бергьенлъиялъ 73 сон тIубаялъул хIурматалда

Бакълъулазул районалъул Гъоркь Инхо росулъ спорталъул батIи-батIиял тайпабазул къецал тIоритIана, КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босараллъаса 73 сон тIубаялъул хIурматалда.

Росдал бегавул МухIамад Ибрагьимовас абуна Бергьенлъиялъул байрамалде хIадурлъулаго, росдал гIадамаз субботник тIобитIанин, школалда рагъухъабазул бахIарчилъиялъул бицунел дарсал унел ругин, гIолилазда гьоркьор бакIлъи борхиялъул, рекериялъул ва цогидалги къецал тIоритIанин.

«Гумбет» РИО

ДОКУМЕНТЫ

Собрание депутатов муниципального образования «Сельсовет “Арадирихский”»

от 2 марта 2018 г. № 6 Решение с. Арадирих

«Об утверждении отчета об исполнении бюджета «Сельсовет “Арадирихский”» за 2017 год

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным зако-ном Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Зако-нодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Сельсовет “Арадирихский”», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Арадирихский”» за 2017 год Собрание депутатов:

Решает:

1. Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Арадирихский”» Гумбетовского районаза 2017 год:

- по доходам в сумме 3336,6 тыс. рублей, согласно приложению №1 к настоящему решению

- по расходам в сумме 3481,1 тысяча рублей, согласно приложению №2 к настоящему решению. (источником финансирования дефицита бюджета 2017 года является остаток бюджетных средств на 01.01.2017 г -162,5 тыс. руб)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет»

Председатель Собрания
К. А. Шапиев

Приложение № 1 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет “Арадирихский”» от 2 марта 2018 г. №6

(тыс. руб.)

Наименование показателей	КОДЫ классификации доходов бюджетов	План на 2017 год	Фактически исполнено за 2017 год	% исполнения
Налог на доходы физических лиц	18210102010011000110	20,0	21,0	105,0
Налог на имущество физических лиц	18210601030101000110	59,0	58,6	99,3
Земельный налог(пп1п1ст394)	18210606033101000110	39,0	60,0	153,8
Земельный налог(пп2п1ст394)	18210606043101000110	10,0	14,0	140,0
ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ		128,0	153,6	120,0
БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ		2926,0	3113,0	106,4
Дотация сельскому поселению из ФФПП	00120201001100000151	2378,0	2378,0	100,0
Субсидии в. т. числе		548,0	735,0	134,1
Субсидии бюджетам поселений на строительство, модернизацию, ремонт и содержание автомобильных дорог общего пользования	00120202041100000151	300,0	300,0	100,0
Иные межбюджетные трансферты в т.ч. средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий	00120204014100000151	61,0	61,0	100,0
Недофинансирование за декабрь 2016 г.		187,0	374,0	200,0
Субвенции		70,0	70,0	100,0
	в том числе			
ЗАГС		5,0	5,0	100,0
Выполнение полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты (ВУС)	00120203015100000151	65,0	65,0	100,0
ВСЕГО ДОХОДОВ		**3124,0**	**3336,6**	**106,8**

Приложение № 2 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет “Арадирихский”» от 2 марта 2018 г. №6

(тыс. руб.)

Наименование	адм.	Рз	ПР	ЦСР	Лимит бюджетных обязательств на 2017год	Кассовые выплаты за 2017 год	% выполнения
ВСЕГО					**3675,1**	**3481,1**	**94,7**
Общегосударственные вопросы	001	01	00		2100,2	2084,4	99,2
Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд. власти субъектов РФ, местных администраций	001	01	04	9900010040	2100,2	2084,4	99,2
Национальная оборона	001	02	00		65,0	65,0	100,0
Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС)	001	02	03	9980051180	65,0	65,0	100,0
Национальная безопасность и правоохранительная деятельность	001	03	00		5,0	5,0	100,0
Органы юстиции (ЗАГС)	001	03	04	9980059300	5,0	5,0	100,0
Национальная экономика	001	04	00		300,0	279,5	93,2
Дорожный фонд	001	04	09	9900040200	300,0	279,5	93,2
Жилищно-коммунальное хозяйство	001	05	00		384,9	384,9	100,0
Благоустройство	001	05	03	9900040010	384,9	384,9	100,0
Культура и кинематография	001	08	00		683,0	527,2	77,2
Культурно-досуговый центр	001	08	01	9900080010	683,0	527,2	77,2
Социальная политика	001	10	00		98,0	96,1	98,1
Пенсионное обеспечение (доплата к пенсии)	001	10	01	9900090010	98,0	96,1	98,1
Физкультура и спорт	001	11	02	9900090100	26,0	26,0	100,0
Молодежная политика	001	07	07	9900070050	13,0	13,0	100,0

ЗИГАРА

Информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъул хIалтIулъиялдалъун зигара балеб хъабаз гъваридаб пашманбуго ГIайшат Исламбиевалда, яц ПатIимат ва имгIал АбулхIанипа Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Иманалда тIоритIун ратаги гьел абадияб рокъоре.

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1090
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.